

# SOSYETE KOUKOUYAN AKSYON

## Fanm Dawonmen : rezistans AK DIYTE FANM LIBÈTE

Otè: **Henri-Robert Durandisse**  
Powèt / Ekriven  
Manm Sosyete Koukouy Kanada

Tèks nou pral li la a se yon analiz apati plizyè sitasyon nou jwenn nan liv« Tim-Tim Jaden Kreyasyon - Istwa kout »

otè Pascale Millien- Faustin ekripi bibliye an 2019 nan Koleksyon Koukouy. Pafwa nou analize yon mem sitasyon sou plizyè ang diferan.

"Fanm Dawonmen" se yon zèv literè pasyonan ki plonje lektè a nan inivè majik fanm gèye Dahomey yo. Istwa rich sa a, ki genyen plizyè dimansyon, al fouye nan divès aspè lavi epi lasosyete, atravè istwa yon jenn fi ki jwenn enspirasyon li nan kouraj manman li, yon fanm sòlda emerit. Atravè istwa sa a, otè a abòde divès sijè inivèsèl tankou kouraj, libète, rezistans epi diyite moun, anmenmtan, li mete pwojektè sou enpòtans valè famiyal, kiltirèl epi etik yo.

### Analiz Literè

Devlopman Lame Feminen an  
Sitasyon paj 28: "Lame Dawonmen a te kòmanse ak san, desan, twasan (100, 200, 300) sòlda fanm. Chif la t ap monte byen rapidman pa santèn, tèlman fanm t ap enskri nan lame sòlda sa a."

Itilizasyon chif yo, ki pa sispann monte, montre evolusyon rapid lame fanm nan. Lè li chwazi site nonm 100, 200 ak 300 yo, otè a kreye yon imaj dinamik pou li montre rit devlopman lame a. Chif sa yo senbolize fòs kwasans lame fanm Dahomey a atravè enèji li ansanm ak enterè li te pwovoke. Chwa otè a fè, pou li kòmanse avèk ti chif piti, men ki pa sispann grandi san rete, bay enpresyon yon elan detèminan, epi li mete annavan atirans mouvman an te enspire medam yo nan epòk sa a. Kwasans nimerik rapid sa a otorize nou imajine yon pwogresyon volontè entansif, ki mete limyè sou flann pasyon medam yo ansanm ak angajman yo te demontre pou yo te pote kole nan lame sa a. Sou plan literè, teknik kwasans rapid sa a ranfòse tematik karaktè otònòm fanm yo ansanm ak solidarite yo.

### Senbolis Jès yo

Sitasyon paj 31: "Li te met men sou kè mwen, li di m: 'Pitit mwen, abiman pa fè sòlda.' Li repete menm bagay la ankò, fwa sa a, li te mete men sou tèt mwen: 'Abiman pa fè sòlda.'"

Sitasyon sa a mete annavan yon dyalòg ant manman an ak pitit fi li, kote li ap itilize jès senbolik pou li transmèt valè veritab yo. Lè li mete men li sou kè ak sou tèt pitit fi li, manman an itilize kontak fizik la pou li bay mesaj li a plis fòs. Mete men sou kè senbolize senterite, lanmou ak entegrite; jès sa a montre, kouraj yon sòlda epi veritab valè li sòti nan entansyon ak konviksyon pwofon li. Lè li mete men li, apre sa, sou tèt pitit fi li, manman an vle montre enpòtans ki genyen nan sajès, nan refleksyon ak nan disiplin mantal. Lè nou mete jès sa yo ansanm, yo demontre si yon moun vle vin yon veritab sòlda, fòk li konbine pasyon ak entèlèk, fòk li amonize kè li ak lespri li.

Sou plan literè, entèraksyon sa yo montre transmisyon valè yon jenerasyon bay jenerasyon ki swiv li a. Kalite dyalòg sa yo esansyèl nan istwa inisyatik yo, kote yon pèsonaj ki pi granmoun ap transmèt konesans ak valè esansyèl yo bay jenn jenerasyon an. Sa ranfòse sijè aprantisaj ak devlopman pèsonèl la, yon sijè kapital nan devlopman pèsonaj prensipal la.

### Chapant Naratif ak Devlopman Pèsonaj yo

Chapant naratif "Fanm Dawonmen" an swiv yon chema klasik devlopman pèsonaj la, kote aktè prensipal la ap pase etap apre etap admirasyon, aprantisaj epi transfòmasyon. Sèn kote manman an ap esplikè "se pa inifòm ki fè sòlda" a, se yon moman kle nan fòmasyon pèsonaj prensipal la. Sèn nan montre anseyman konpetans militè yo, men li montre tou transmisyon valè moral epi etik yo. Pèsonaj prensipal la aprann pou li bay aparans mwens enpòtans pase kalite enteryè yo tankou kouraj, disiplin ak konpasyon.

Apwòch naratif sa a pèmèt lektè a wè devlopman enteryè pèsonaj prensipal la, kote li ranfòse sijè veritab nati vanyans ak lidèchip. Itilizasyon jès senbolik yo mete sou dyalòg ki gen sans bay istwa a plis pwofondè, nan fason li anrichi karakterizasyon an, epi fasilite yon konpreyansyon motivasyon ak aksyon pèsonaj yo ki pi konplè.

### Analiz Lengwistik

Zèv "Fanm Dawonmen" an se yon zèv apa, nan fason li itilize yon lang kreyòl rich, chaje ak entansite, ki bay istwa a yon otantisite ak yon pwofondè kiltirèl ki dyanm.

### Otantisite ak Reyalis

Itilizasyon lang kreyòl nan "Fanm Dawonmen" ajoute yon kouch reyalis ak otansite nan istwa a. Kreyòl se lang lokal zile a, si se yon nan espas kote istwa a ap dewoule a. Lang sila a genyen anpil mo ki soti Dahomey. Li pèmèt lektè yo plonje nan inivè kiltirèl pèsonaj yo. Ekspresyon ak dyalèk kreyòl yo se makè kiltirèl ki anrichi tèks la, epi ki pèmèt lektè yo byen konekte ak anviwonman epi emosyon pèsonaj yo.

Sitasyon paj 32: "Nou tout te anba chenn. Chenn, chenn, chenn! Chenn te tout kote, chenn ki te mare, makonnen nou ansanm yo, t ap bay yon son dezagreyab chak fwa nou chanje pozisyon."

Pa ekzanp, fraz la itilize repetisyon mo "chenn" nan pou li kreye yon sansasyon klostwofobi ak dominasyon.

Repetisyon sa a pa sèlman la pou li fè efè estil; li reprezante imaj reyalite ensipòtab kaptivite a, epi li ranfòse enpak emosyonèl sityasyon pèsonaj yo.

### Entansite Emosyonèl

Yonn nan fòs lang kreyòl la nan zèv sa a, se kapasite li pou li dirèk epi entans nan fason li ekspri gwo emosyon ak sityasyon konplike. Repetisyon mo "chenn" nan, nan sitasyon "Nou tout te anba chenn. Chenn, chenn, chenn!" nan, kreye yon ritmik boulvèsan ki raple bui chenn yo ak prezans pèmanan yo. Teknik sa a ranfòse santiman dezespwa ak enkapasite kaptif yo, epi li pèmèt lektè yo santi nan chè yo ak nan emosyon yo abominasyon kondisyon kaptif sa yo.

Kòm lang kreyòl la vivan epi ekspresif nan nati li menm, li pèmèt nou kapte esans emosyon ak eksperyans pèsonaj yo nan yon nivo ki pi efikas pase si nou te devan yon tradiksyon fòmèl an franse. Chwa mo yo, ritmik fraz yo, ak itilizasyon dyalèk lokal yo pote yon richès ak yon pwofondè ki esansyèl pou transmèt reyalite pèsonaj yo te viv la.

### Ekspresyon Konpleksite a

Itilizasyon lang kreyòl la pèmèt nou ekspri sityasyon konplèks yo byen klè epi san pale anpil. Fraz "Chenn te tout kote, chenn ki te mare, makonnen nou ansanm yo, t ap bay yon son dezagreyab chak fwa nou chanje pozisyon" an, ekspoze nonsèlman reyalite fizik chenn yo, men tou enpak sansoryèl ak emosyonèl yo. Chwa mo yo ak chapant fraz la rann lektè a kont sou konpleksite sityasyon kaptivite a ak tout latrize sansasyon li te pwovoke.

Kapasite lang kreyòl la genyen pou li enskri nenpòt lide konplèks nan fraz ki parèt tou senp, se yon nan fòs lang sa a. Li pèmèt nou transmèt sibtilite ak richès eksperyans nou yo nan yon estil dirèk, pandan li kite plas kanmenm pou entèpretasyon ak imajinasyon lektè a.

### Idantite Kiltirèl

Itilizasyon lang kreyòl la reprezante tou yon demach prezèvasyon ak selebrasyon idantite kiltirèl la. Lè li chwazi ekri an kreyòl, otè a konfime enpòtans lang sa a nan narasyon istwa fanm gèye Dahomey yo. Lang kreyòl la vin tounen yon senbòl rezistans kiltirèl ak fyète idantite, li reflekte vanyans ak rezilyans pèsonaj yo.

Lang kreyòl la, avèk sibtilite epi patikilarite li yo, pèmèt nou kaptire divès aspè nan kilti ak istwa ki te kapab pèdi oswa defòme si se yon lòt lang ki te rapòte yo. Ekspresyon dyalèk yo ak kèk mouvman nan fraz yo, ki ekziste sèlman nan lang kreyòl la, ajoute yon otantisite ki ranfòse koneksyon lektè a avèk monn Dahomey a.

### Analiz Famiyal

Dinamik lafanmi an se yon pwen santral nan zèv "Fanm Dawonmen" an, ki ap montre enpòtans koneksyon famiyal yo ak transmisyon valè yon jenerasyon apre jenerasyon. Transmisyon entèjenerasyonèl sa a esansyèl nonsèlman pou devlopman konpetans militè yo, men tou pou grave nan lespri yo valè moral ak etik yo.

Sitasyon paj 31: «Li te met men sou kè mwen, li di m: 'Pitit mwen, abiman pa fè sòlda.'»

Entèraksyon sa a ant manman an ak pitit fi li montre yon relasyon ki fonde sou lanmou, respè ak anseyman. Lè li mete men li sou kè pitit fi, manman an itilize yon jès senbolik pou li transmèt yon leson ki wo lò: pou yon moun merite tit sòlda, sa pa sèlman sifi pou li pote yon inifòm, men sa sitou enplike kalite enteryè tankou kouraj, dwati ak entegrite. Jès touche kè a fò anpil, li senbolize pwofondè tout valè moral ki dwe gide yon veritab gèye.

Sou plan literè, entèraksyon sa a demontre kijan transmisyon valè yo ak konpetans yo fèt nan yon fason ki konkrè epi ki chaje sans. Jès senbolik yo mete ak pawòl sajès yo ranfòse efè anseyman an, epi montre kijan aprantisaj pa fèt ak pawòl sèlman, men sitou avèk aksyon epi senbòl.

Relasyon ant manman an ak pitit fi li nan "Fanm Dawonmen" ilistre enpòtans fanmi, ki se fondman edikasyon ak transmisyon valè. Li montre kijan koneksyon famiyal yo kapab yon sous enèji ak rezilyans, nan preparasyon jèn yo pou yo brave defi yo ak kouraj epi entegrite.

### Analiz Kiltirèl

Rasin zèv la plonje byen fon nan kilti pèp Dahomey a; li montre tradisyon, kwayans ak kilti pèp sa a. Atravè eksperyans epi anseyman ki transmèt nan mitan fanmi yo, eritaj kiltirèl la jwe yon wòl kle nan fòmasyon idantite ak volonte moun yo.

Sitasyon paj 34: "Mwen te sèman, jodi a, se pou m mouri anba zetwal solèy san chenn Mouche Malediksyon, ni esklavaj. Memwa fanmi m se yon eritaj ki te ban m kouraj."

Sitasyon sa a mete annavan kilti vanyans ak rezilyans la, ki rasinen nan souvni ak anseyman anndan fanmi yo. Otè a montre eritaj kiltirèl la tankou yon sous fòs ak detèminasyon. Lè li sèman pou li mouri lib pase pou li viv nan chenn, aktè prensipal la aplike leson ak valè fanmi an transmèt li. Referans li fè ak "memwa fanmi m" montre enpòtans souvni ak tradisyon famiyal yo, ki founi yon kad moral ak yon sous kouraj devan kalamite.

Zèv la itilize divès eleman kiltirèl espesifik pou montre kijan transmisyon valè vanyans ak rezilyans yo fèt depi lè timoun yo tou piti. Tradisyon famiyal yo, seremoni yo ak anseyman oral yo jwe yon wòl santral nan fòmasyon idantite pèsonaj yo.

Lè li selebre eritaj sa a, "Fanm Dawonmen" montre kijan kilti Dahomey a, avèk tradisyon kouraj ak rezistans li yo, kontinye viv atravè aksyon ak desizyon moun yo.

### Analiz Etik

Sou plan etik, zèv la eksplore nosyon jistis, libète ak rezistans devan dominasyon.

Sitasyon paj 32: "Nou tout te anba chenn. Chenn,

chenn, chenn! Chenn te tout kote, chenn ki te mare, makonnen nou ansanm yo, t ap bay yon son dezagreyab chak fwa nou chanje pozisyon."

Deskripsyon chenn yo ak lesklavaj otè a fè a soulve yon seri kesyon etik sou imanite, diyite ak dwa moun. Zèv la kondane lesklavaj ak dominasyon nan fon nannan li, li envite nou fè yon refleksyon objektif sou lajistis ak dwa moun.

### Analiz Sosyal

Sou plan sosyal, zèv la montre solidarite ak rezistans kolektif devan dominasyon, li montre nou tou enpòtans òganizasyon kominite yo.

Sitasyon paj 33: "Men gen jenn gason ki te chante kanmèm pou yo fè rebelyon. Pou yo pa matirize yo, nou tout tonbe fè bri pou n akonpaye, kwak youn pa konn lang lòt, nou te rive amonize aksyon nou."

Sitasyon sa a montre kijan, malgre diferans lengwistik ak kiltirèl yo, esklav yo jwenn yon mwayen pou yo mete tèt yo ansanm epi pou yo reziste ansanm. Sa montre pouvwa solidarite ak patisipasyon sosyal nan batay kont dominasyon.

### Enspirasyon ak Eritaj

Deskripsyon inisyal manman aktè prensipal la mete an evidans disiplin, dwati ak kouraj sòlda sa yo ki se fanm. Se sa ki distenge yo parapò ak nenpòt lame gason ki ta ekziste. Devlopman rapid lame a, ki sòti nan kèk santèn pou rive nan plizyè milye manm, montre yon atirans jeneralize ak enspirasyon fanm gèye sa yo te ekzèse sou lòt manm kominite a.

Sitasyon paj 28: "Lame Dawonmen a te kòmanse ak san, desan, twasan (100, 200, 300) sòlda fanm. Chif la t ap monte pa santèn byen rapid, tèlman fanm t ap enskri nan lame sòlda sa a."

Pasaj sa a demontre devlopman rapid lame fanm nan ak atirans li te bay; li montre kòman kouraj ak disiplin fanm yo pa te sispann atire plis fanm toujou.

### Fòmasyon Valè

Anvi aktè prensipal la genyen pou li imite manman li an evidan lè li mete inifòm manman an pou li ap eseye kòmande frè ak sè li yo. Sepandan, manman an te pran tout tan li pou li aprann pitit la, pou yon moun vin sòlda, sa plis depann de kalite enteryè yo pase aparans tout je ka wè yo.

Sitasyon paj 31: "Li te met men sou kè mwen, li di m: 'Pitit mwen, abiman pa fè sòlda.' Li repete menm bagay la ankò, fwa sa a, li te mete men sou tèt mwen: 'Abiman pa fè sòlda.'"

Pasaj sa a pote yon leson kapital sou veritab nati vanyans ak lidèchip, li raple nou se pa aparans ki fè yon sòlda, se kè ak lespri yon moun ki konte nan metye manye zam.

### Kaptivite ak Dominasyon

Dezyèm pati istwa a plonje nan trajedi anlèvman aktè prensipal la, yon imaj brital istwa lesklavaj la. Otè a dekri vwayaj atwòs abò bato negriye a avèk yon entansite emosyonèl ki mete soufrans, dezoryantasyon ak dezespwa kaptif yo an evidans.

Sitasyon paj 32: "Nou tout te anba chenn. Chenn, chenn, chenn! Chenn te tout kote, chenn ki te mare, makonnen nou ansanm yo, t ap bay yon son dezagreyab chak fwa nou chanje pozisyon."

Pasaj sa a demontre dezonè kaptivite a, kote chenn yo senbolize nonsèlman lesklavaj fizik la, men tou dominasyon mantal ak emosyonèl la.

### Rezilyans ak Rebelyon

Malgre kondisyon demounizan yo, aktè prensipal la montre yon rezilyans ekstwòdinè. Lespri li pa pliye, epi se chante rebelyon konpay kaptivite li yo ki ap enspire li, malgre lang yo ak kilti yo diferan.

Sitasyon paj 33: "Men gen jenn gason ki te chante kanmèm pou yo fè rebelyon. Pou yo pa matirize yo, nou tout tonbe fè bri pou n akonpaye, kwak youn pa konn lang lòt, nou te rive amonize aksyon nou."

Pasaj sa a demontre pouvwa solidarite ak rezistans kolektif anfas dominasyon; li montre kijan mizik ak chante kapab tounen zouti rezistans ak rezilyans.

### Konklizyon

"Fanm Dawonmen" depase limit yon senp istwa yon otè rakonte; se yon refleksyon pwofon sou kouraj fanm yo ak kapasite yo pou yo reziste anba dominasyon. Atravè itilizasyon richès ak otantisite lang kreyòl la, otè a reyisi kreye yon narasyon ki pote yon pwofondè kiltirèl epi emosyonèl san parèy. Analiz etik ak sosyal zèv la mete limyè sou nesesitye jistis ak solidarite kolektif pou kanpe dyanm kont enjistis. Valè famiyal yo ak tradisyon kiltirèl yo jwe yon wòl esansyèl nan fòmasyon idantite pèsonaj yo ak volonte yo. Tout sa ilistre kòman eritaj kiltirèl ak moral kapab sèvi fondasyon pou konstui enèji ak rezilyans. Finalman, "Fanm Dawonmen" se yon omaj pou rezistans fanm yo, epi li sèvi kòm sous enspirasyon pou tout jenerasyon moun ki ap chèche libète epi diyite.

### Nòt Komite Redaksyon Paj la

Paj kreyòl la louvri pou tout atizan kreyòl ki gen pawòl pou yo di sou lang kreyòl la, an kreyòl, nan kèlkeswa domèn lan. Sepandan, pa gen plas pou politik patizan ni pou relizyon. Pawòl ki di nan paj la se responsablite moun ki di yo a.

*Michel-Ange Hyppolite M.Ed*  
*Kaptenn Koukouwoj*  
*Vis Prezidan Biwo Santral Sosyete Koukouy*  
*Akademisyen Kreyòl Ayisyen*  
*Ekriven, Kritik Literè*  
*Pwofèsè Syans alatretrè*